



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN SEZON FEYAJ OTÒN 2021 AN NAN ETA NEW YORK

*Gen rapò sou feyaj chak semèn ki disponib chak mèkredi apati 8 septanm nan [iloveny.com](http://iloveny.com)*

*Rapò yo pral gen ladan yon nouvo kat entèraktif amelyore sou pwogresyon feyaj nan sezon sa a*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse kòmansman sezon feyaj otòn 2021 an nan Eta New York. Otòn se youn nan peryòd vwayaj ki pi popilè nan New York, ki atire vizitè tout kote nan monn lan pou eksplòre kominote inik yo nan eta a ak sipòte biznis lokal yo. Pou ede vwayajè yo ak fanatik feyaj yo planifye yon eskapad an otòn, I LOVE NY pral kòmanse pibliye rapò sou feyaj otòn chak semèn li an nan mèkredi 8 septanm, epi pral gen ladan kounye a yon nouvo kat entèraktif amelyore sou pwogresyon.

"Chak otòn, feyaj espektakilè ak bote natirèl Eta New York atire vwayajè yo nan pak eta klas mondyal nou yo, panorama majestyè yo, sit istorik yo ak atraksyon san parè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouyòkè yo konnen depi lontan bèl etalaj koulè ki prezante atravè tout eta a soti nan Chit Niagara a rive nan Montauk Point. Kounye a se moman pafè pou rezidan ak vizitè yo planifye yon eskapad otòn ak viv sezon kolorye enkwayab sa a nan gwo eta nou an".

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare**, "Sezon feyaj otòn lan nan Eta New York se toujou yon moman majik nan ane a, epi rapò I LOVE NY sou feyaj chak semèn lan se yon gwo zouti pou vizitè yo ki swete planifye yon eskapad sezonye. Nouvo kat entèraktif sou feyaj otòn nou an mete aksan sou yon seri atraksyon ak evènman, depi nan festival rekòlt rive nan selebrasyon Halloween yo, santye bwason atizanal, mize ak amizman an fanmi, ede rezidan ak vizitè yo jwenn sa yo renmen pandan y ap eksplòre palèt koulè otòn enkwayab yo ki ekspoze atravè eta a".

Rapò feyaj la konpile chak semèn apati obsèvasyon sou teren nan lokal yo ke ekip obsèvatè fèy volontè I LOVE NY yo fè. Plis pase 85 obsèvatè ki repati atravè 11 rejyon destinasyon vakans nan eta a gen lòd pou yo swiv pwogrè chanjman koulè feyaj nan zòn kote yo ye amezi fèy yo ap pwogrese chak semèn. Rapò yo detaye koulè predominan fèy yo, pousantaj apwoksimatif chanjman ak nan ki nivo chanjman koulè yo te pwogrese konpare ak kondisyon maksimòm yo.

Kòm bagay nouvo ane sa a, I LOVE NY ap entwodui yon kat entèraktif, amelyore ki swiv chanjman ak pwogresyon feyaj yo chak semèn atravè eta a pandan tout sezon an. Kat la, ki sitiye nan [sitwèb feyaj I LOVE NY](#), prezante gwo lokal pou wè feyaj yo nan chak nan plizyè rejyon yo atravè tout eta a. Vizitè yo kapab itilize kat la tou pou wè ak kisa feyaj la sanble pandan obsèvasyon maksimòm yo nan yon zòn espesifik, epi aprann sou atraksyon ozalantou, ke yo dwe wè yo.

Gras an pati ak gwosè ak lokal li, Eta New York gen youn nan sezon feyaj ki pi long ak pi kolorye nan peyi a. Nan nenpòt wikenn, soti fen septanm rive nan mitan novanm, genyen yon pati nan eta ki posib pou gen feyaj maksimòm.

Nou envite tout vwayajè tou pou yo pataje foto bèl feyaj Eta New York yo sou rezo sosyal yo lè yo itilize hashtag #NYLovesFall. Foto ki soumèt bay hashtag sa a gen chans pou parèt sou sitwèb feyaj otòn I LOVE NY la ak kont rezo sosyal ofisyèl I LOVE NY yo ki atenn apeprè de milyon patizan. Rapò yo ak nouvo kat entèraktif la mete ajou nan mèkredi yo pandan tout sezon an nan [www.iloveny.com/foilage](http://www.iloveny.com/foilage). W ap jwenn rapò yo tou lè ou rele gratis 800/CALL-NYS (800/225-5697) apati nenpòt kote nan peyi Etazini, teritwa li yo ak Kanada. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou vin yon obsèvatè feyaj volontè I LOVE NY, imèl non, adrès ak nimewo telefòn ou nan [foilage@esd.ny.gov](mailto:foilage@esd.ny.gov).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)